

LINTANG BIRU

**ANTOLOGI GEGURITAN BENGKEL
SASTRA JAWA 2008**

**BALAI BAHASA YOGYAKARTA
2008**

LINTANG BIRU

**ANTOLOGI GEGURITAN BENGKEL
SASTRA JAWA 2008**

**BALAI BAHASA YOGYAKARTA
2008**

**LINTANG BIRU
ANTOLOGI GEGURITAN BENGKEL
SASTRA JAWA 2008**

**Cithakan kapisan
Mei 2008**

**Edhitor:
Sri Haryatmo**

**Pracetak:
Sri Haryatmo, Karyanta, Sri Handayani,
Kusratmini**

**Penerbit:
Balai Bahasa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta 55224
Telepon (0274) 562070, Faksimile (0274) 580667
Email: balaibahasayk@plasa.com
Website: www.balaibahasa.com**

**Pencetak:
KY Grafiti
Jalan Dr. Sutomo 11 B Bausasran
Yogyakarta**

PURWAKA

Ngarang utawa nulis crita iku mujudake salah sijining pakaryan kang wigati ing donyaning kasusastran. Kanthi karangan (tulisan) mau, manungsa bisa nuduhake daya cipta lan kewasisane. Eman, awit pangaribawaning jaman kang saya maju, karya sastra dadi kurang *populer*, luwih-luwih bentuk-bentuk karangan basa Jawa kaya dene geguritan durung dikenal cedhak ana ing sekolah-sekolah. Supaya sastra Jawa (guritan) bisa dikenal kanthi cedhak ana ing masarakat Jawa, pembinaan lan pelatihan sastra kudu katindakake lan kaundhakake. Budidaya mau kaajab bisa ngopeni lan memetri sastra Jawa. Malah kaajab bisa ngrembakakake sastra Jawa kanthi tumata.

Kanggo mujudake kabeh budidaya mau, Balai Bahasa Yogyakarta ngadani kegiyatan Bengkel Sastra Jawa. Bengkel sastra Jawa mau diadani saben setaun sepisan. Ananging, awit dana (beya) kang winates sarta kukubaning Balai Bahasa kang amba, kegiyatan bengkel mau ora bisa diadani ing saenggon bae. Mula, supaya adil, saben tahun, bengkel sastra pindhah ana ing papan liya. Ing tahun 2008 iki, bengkel sastra Jawa manggon ing Kabupaten Bantul lan miji siswa SMP minangka sasarané.

Ing pungkasaning acara bengkel, para siswa kaajab bisa nulis karya kang awujud antologi. Muga-muga, kanthi babaring antologi kang ditengeri irah-irahan *Lintang Biru* iki, budidayaning Balai Bahasa Yogyakarta kanggo

anggrengsengake sastra Jawa supaya bisa nuwuhake asil kang tumata. Kajaba iku, mugamuga antologi iki bisa nggawa manfaat kang gedhe tumraping kita, mligine para sutresna basa lan sastra Jawa.

Yogyakarta, Mei 2008
Plh. Kepala Balai Bahasa Yogyakarta

Drs. Tirto Suwondo, M.Hum.

ATUR SAPALA

Puji syukur Alhamdulillah tansah kita aturake ing ngarsaning Gusti Kang Maha Agung awit saking rohmat lan hidayahing Gusti, antologi geguritan *Lintang Biru* iki bisa kababar jumbuh karo wektu kang pinathok. Antologi iki mujudake kumpulan geguritan asil karyane para siswa Bengkel Sastra Jawa 2008. Antologi iki diwenehi sesirah *Lintang Biru* awit kajupuk saka salah sijining geguritan anggitane Eka Sumarni. “Lintang” nduweni teges ‘cahya, sumunar’, dene “biru” nduweni teges ‘*harapan* utawa pangarep-arep’. Kajaba iku, tembung biru uga ngemu teges ‘simbol langit lan laut’. Kanthi mangkono kita mangajab supaya para siswa padha ngarep-arep ngrembakaning sastra Jawa kaya dene pangarep-arepe marang njedhule lintang biru mau.

Bengkel sastra Jawa kang nengenake nulis geguritan iki diadani kaping lima saben dina Minggu kawiwitan tanggal 13 April nganti tekan tanggal 25 Mei 2008. Dene, kang kapiji minangka *tutor* yaiku Sedulur Drs. Suwardi Endraswara, M.Hum., R. Bambang Nursinggih, S.Sn., lan Iman Budi Santosa.

Siswa Bengkel Sastra Jawa 2008 iki dumadi saka para siswa SMP se-Kabupaten Bantul kang cacahe ana 25 siswa. Sanadyan mangkono, gregete para siswa gedhe banget kacihna ing pungkasaning acara bengkel, para siswa bisa nyuguhake buku antologi sarta bisa nggamel lan maca geguritan.

Antologi iki bisa kababar awit saka pambiyantune pirang-pirang bebadan. Mula, panitia atur panuwun marang Drs. Tirto Suwondo, M.Hum. minangka Kepala Balai Bahasa Yogyakarta, Drs. H. Sahari lan Dra. Subiyati, M.Pd. minangka wakil saka Dinas Pendidikan Nasional Kabupaten Bantul, para tutor bengkel, sarta para panitia kabeh. Muga, amal kabecikan mau tansah tampa pinwales kang becik ana ngarsaning Gusti. Amin.

**Sri Haryatmo,
Koordinator Bengkel Sastra Jawa 2008**

DHAFTAR ISI

PURWAKA	iii
ATUR SAPALA	v
DHAFTAR ISI	vii
Agusta Putra Winanda.....	1
Ari Sri Haryanti.....	3
Bernadita Nur Utami.....	6
Desi Wulandari	9
Dyah W D	12
Eka Sumarni.....	14
Elsa D. Putri	19
Eva Maulida	23
Evi Hidayah Wati	27
Fadhila Suryantini	31
Fahmi Ahmada.....	33
Luffy Laksita Pranandari	36
Nabila Huda Utami.....	39
Norma Fia Afriana.....	43
Nur Ina Wulansari.....	47
Nurdiyanto.....	50
Phutu Bayuarti Hutama	55
Riva Fauzia	58
Septiana Mundianarwati.....	61
Sulistyani Rahmah Indah P.	63
Surati.....	67
Vinny Rista Winurtika	69
Yunita Nur Astuti	73
Makalah	76
Biodhata.....	88

**AGUSTA PUTRA WINANDA
SMP Negeri 4 Bantul**

Ngopeni

Kebo akeh pikirane
sungu loro ngabote utege
pedhet ndhedhet uripe
pait banget nasibe
kecemplung rasa bingung
kebegal perkara utang
kebacut klebus
pecah, remuk ing pikiré

Tresna

Esuk padhang jingglang
atimu ngawe-awe atiku
kembang thukul ing njeru dhada
tetesan kringet mancur deres neng pipi
aku kesengsem karo sliramu
pancen bayanganmu ora bisa lali saka atiku

Kentekan Laku

Lakune bingung
arep ngiwa apa arep nengen
arep mlaku, engkelen
seseg dhadaku

cuper pikiranku
nggregesi awakku
pucet, pet-petan mripatku
rampung... anjlok ing alam ndonya

Nggatekake

Anteng meneng, anyep njejet
kaya kuburan ing tengah alas
dengung suworo nancep ing kuping
omonganmu nyerot ing sirahku
kang elek tak guwak adoh, kang apeg tak lebokke
njero

Remuk Atiku

Grimis ati iki
adoh sliramu
cedhak perkaraku
benang pedhot nyuduk atiku
mobal mrekotok kaya uripe mawa geni
antep, abot nyunggi kahanan
tugelan biting krasa ing dhadaku
amarga kowe nglarani atiku

**ARI SRI HARYANTI
SMP Negeri 1 Jetis**

Pangrasa Jati

Pangrasa jati,
gumelung panganten ngungak gumantine wektu
kang kandheg ing tumaruntuning jaman sakawit,
nyawung tumetering wengi kang tanpa sabawane,
nalika gapura wis binuka menga ngliling kang
tumenga banjir negara ing ngendi susuhing ayang-
ayang, kang rengga pepataneng mego-mego.

Ana dununing karunyaten,
gimuwu prabawane kang ngelun pangangen saka
telengeng prangganeta,
sinasat murjikaning cahaya-cahaya kang tansah
tumiba ing pasrah pawugeran ing sadengah kang
kasat meripat sinurung karep mbebidung layung

Sumingkira yen pancen ora kuwowo amati raga
anggroso-rosoning pralampita.

Binarung sinirung pralambing jati,
kang piluginayuh-ginayung ing tawasuh sinisih
angrangsang paseksene kapilaur nyupata ing karep.

Udine werdi wernaning rerupan kang sinaput ing
samun kang anggelar tumibane punagi kecicir,
sinosoe angin puputan tumiyup atis ngirim pawarto
duh kita,

siji maneh netepi lakoneng urip ngudi marang
pangroso jati,
sumeler lebur marang jatineng panggrahita.

Desaku

Katon endah yen disawang
katon endah yen dinulu
gede jasamu marang aku
nadyan adoh dunungmu
mecil ing sileileng
merbabu nang long
tantrah kadalu ing ati
lan angan-anganku tansah sliramu
kang tansah awe-awe
neng pikiranku aku ora bisa
nglalekke lelabuhanmu lan uga
kang tansah gawe
makmur ing desaku

Rembulan Wengi

Rembulan wengi iki
ndelik isin-isin ing mburi mego
lintang cilik sing akeh
ing kiwo tengene
katon nambahi apik
kahanan langit wengi iki

Lintang ...

tetepa kowe apik-apik langit kang ireng
ing dhuwur kuwi
kancanana bulan
bunder kuwi

Bulan

padhangana wengiku iki
hiasana langit kuwi
tetepa kowe ing kana
nganti esuk wis teka
lan sengenge ngantek
sliramu madhangi awanku

Srakah

Nalika ana tikus ngrembah biyayah
nyrambah sawah apa dene omah
anane mung tansah gawe susah
nalika tandur ijo sumringah
di rencak lan dikemah-kemah
gabah jroning goni dibabah

Pancen tikus iku kewan srakah
mula prayoga enggal di brastha
aja nganti ngambra-ambra
supaya ora akeh kaya dhek semana
petani dadi makmur lan sentosa

**BERNADHITA NUR UTAMI
SMP Negeri I jetis**

Panguripane Wong Tuwa

Wong tuwa kang ora gelem gawe
namung anjagaake pawenehing anak
kayata peribasan Jawa
kebo nusu gudel

Anak iku durung mesthi bisa ngurupi
sebbe kabutuhane anak iku akeh
iku durung apa-apa!

Sak umpamane
anak wis dadi wong tuwa
apa wong tuwa njaluk anak sakjeke
apa ora isin karo tonggo teparone
pramila aja nganti wong tuwa
ingkang anjagakake pawenehing anak

Bocah Wadon

Bocah wadon kaya piring lan gelas
kang perabotan sing gampang pecah
dadi bocah wadon iku ora gampang

Kudu bisa njaga kesuciane awak
njaga tumindak iku ya penting

kang bisa ngluhurake wong tua, bangsa, negara,
lan agama
lan bisa dadi tuladan ingkang becik
kayata pahlawan wanita
yaiku Raden Ajeng Karttini

Cahayaning Panguripan

Dalan ingkang peteng
amerloke dian utawa teplok
ingkang bias nerangi lakuning sikil
panguripan ing donya iku ya amerloake dian
nanging dian kang bisa nerangi donya iki
ingkang kasebut dian donya yaiku sinar srengenge
srengenge kang dadi sumbere panas
andadeake panguripan ing donya bisa mlaku
ingkang lancar
amarga srengenge bisa diarani uripe manungsa
pramila ayo bareng-bareng
para manungsa kabel
padha ningkatake ngibadahe
matur ing ngarsaning sang pencipta
ngaturake agunging panuwun

Pamarintah Negara

Pamarintah adil bisa nentremake masarakat
apa wae iku sing dikarepake masyarakat
pamarintah kudu bisa nyenengake kabeh
negara iku perlu panggede

lan, panggedhene negara yaiku pamarintah
ingkang kagungan tugas ngatur panguripane
negara
apa wae sing ana hubungane dening negara
pamarintah sing jujur lan adil
pancen uripe rakyat terjamin
nanging pamarintah sing gaweane korupsi
rakyate padha nelangsa lan gawe prahara
pramila pamarintah negara
kudu bisa ambedaake becik lan ala
supaya negara iki tentrem
ora ana masalah dening pamarintahan

Pati Uripe Ula

Pati lan uripe ula
sapa wae iku mesthi ngerti
ula kang ana wisane
ula kang bisa mateni manungsa
bisa dikalahake ingkang gampang
ora perlu dicelukake pawange ula
cukup kanggo sak lencer empring
pati lan uripe ula ana ing gegere
sebabé geger ula iku ringkikh
pramila ora perlu susah-susah
cukup digebukake ing gegere
ula iku mesti ora bisa urip maneh

**DESI WULANDARI
SMP Negeri 1 Jetis**

Indonesia Negriku

Indonesia negriku....
negri kang indah lan subur
rakyate katon makmur
gemah ripah loh jinawi

Indonesia negriku....
negri kang wis maju
saka sabang tekan merauke
kabeh wis ngarahke kemajuan

Indonesia negriku....
negri tumpah dharahku
beda-beda, ning tetep siji
Indonesia sing taktresnani....

Biyung

Semilir angin esok iki
ngliwati pori kulit
sawijining esem sinambut
kanthi sayuta pituduh
sliramu kang gegulang aku
Biyung...
wiwit cilik aku digegulang
kanthi tresna asih

**nanging apa balesanku
aku kerep nglerwakake pituduhmu**

**Biyung.....
jasamu akeh banget
kepriye aku kudu bales
mung dongaku kang taksembahke kanggomu
muga Allah paring ridha niat luhurmu**

Eling sira manungsa

**He para manungsa....
pada elinga marang sing kuasa
sing maha agung lan wicaksana
he para manungsa.....
aja mung mikir donya
numpuk-numpuk bandha
sing ora ana guna**

**He slira manungsa.....
ayo padha eling lan mertobat
marang maha panyipta
taqwa lan akeh dedonga
muga-muga luput saka dosa
pada diapura.....**

Angin ing pesisir

**Aku lungguh ing pinggir pesisir
tak delok ombak sing gulung-gulung**

sing marani aku.....

**tak rasakke semilir ing pesisir
karo wit glugu sing pada baris
ing pinggir pesisir**

**aku lungguh ing pinggir pesisir
mandheng srengenge angsup
padang.....dadi peteng**

**semilir angin ing pesisir
lan suwara ombak kang nentremke ati
yen ana kana**

**DYAH WIKANDARI N.
SMP Negeri 2 Jetis**

Ulahing Manungsa

Rikala jaman semana donya subur
wit witan ijo royo – royo
banyu bening gemlintir bening

Ngopo kowe soroh amuk donya
wit witan katon ilang
donya dadi padang

Saiki kowe nelangsa
amerga ulahmu dhewe
kaya tekek mati uiune

KR Bapak

Saben esuk taktunggu tekamu
taksawang rupamu kang ayu
dadeake atiku ngguyu
warta kang ana raimu

Grimis

Grimis ing wektu wengi
nggawe atiku tentrem
sakwise grimis dadi udan
ati iki kaya dikuber dosa

tangisku saya suwe saya seru
banjur aku kelingan
Gusti kang welas lan asih

Impenku

Kelingan sliramu kuwi kudu
saben dina aku ora bisa urip maju
mabur kaya kupu
neng dhuwur ngalu – alu
kepriye aku ketemu sliramu
mung bisa sakwayahe turu

Yogya ing Wayah Esuk

Wektu kuwi isih krasa adhem
tak rasa anyeping banyu
kanggo ngusap raiku
alon – alon tak getering donya
saya suwe saya banter
dadeake ati iki geter
keprungu jeriting manungsa
kang nandhang cintraka
lindu gedhe kang ngoyagge Yogya

**EKA SUMARNI
SMP Negeri 1 Pajangan**

Nalika Tangi Esuk

Nalika padha tangi turu
sadawaning wektu dina iku
kabeh tindak-tanduk
bakal tinemu sarwa mathuk

Kabeh iku ngemba patrabing unta
esuk njerum
sedina muput gawan bakal kagawa

Nalika surup wus tumeka
unta njerum maneh
pasrah ing ngarsa Gusti

Lintang Biru

Yen wengi wus tumeka
cetha ing angkasa
lintang kang sumunar biru
saben manungsa padha ngguyu
rembulan kang sumunar
agawe lintang kang gumebyar
yen lintang katutupan mendhung
agawe manungsa padha ngelu

Bahasa Jawa

Apa gunane aku sinau
basa jawa kang wus ora payu
yen aku maca jarene wagu
kala-kala malah digeguyu

Jamane laptop wis payu
nulis jawa uga wagu
jamane hape wis padha duwe
aku kudu pedhe

Geguritan

Papan kanggo ngungkap rasa
kang nduweni kathah makna
piranti kang unggul
geguritan ingkang damel guna

Panguwasa Kang Ora Becik

Ojo dumeh panguwasa!
kang nduweni wewenang
endi sesorah kebak ing janji
pranata kang ngundang wigati

Apa dumeh wis oleh kasil?
lali marang janji kang digawe
digawe tanpa di peksa
kang metu saka getih kang nggumpal

**Nanging apa buktine
tanggung jawab apa kang dibuktekake?
janji endi kang bener?
apa ana buktine?**

**Sebutan apa kangbecik
kanggo panguwasa kang nyengsarake
kanggo rakyat, bangsa lan negara
kapan indonesia maju?**

Dadi Murid

**Aku kudu dadi murid teladan
murid kang luhur budine
luhur pekertine
lan murid kang ...**

**rawe-rawe rantas
malang-malang putung
kabeh kang ngalang-alang
ayo dibrantas kanthi premati**

**Becik dituladhani Ki Hajar Dewantara
Ing ngarsa sung tuladha
Ing madya mangun karsa
Tut Wuri Handayani**

Nuntut Ilmu

Tangi esuk lunga esuk
Sabé dina tak lakoni
Ngalar ngidul munggah medhun
Kepanasen kaya ing dhuwur geni

Ngono mau tak lakoni kanthi seneng ati
Kanggo ngabekti karo negeri
Mugi Gusti ngijabahi
Lan paring rejeki
Kang murakabi

Angin

Angin mobat-mabit
Iku nggawa godha rencana
Omah padha rusak
Wit-witan padha ambruk

Kadhang disenengi
Karana ngundang senenging ati
Kadhang disengiti
Karana ngundang sengiting ati

Jogja

Jogja kang pinter
ojø ngganti budaya kang kenthal
dadi budaya kang mubra-mubru

oja ngganti kota kang pinter
dadi bodho
kota kang dijenengi kutha pelajar
ojo digunakake ing perkara kang ala
kudu bisa ngudi ngelmu
tut wuri handayani

Urip

Uripku ora beda karo godhong
godhong kang dipangan uler
saya suwe saya entek godhong mau
saya suwe umurku saya suda

**ELSHA D. PUTRI
SMP Negeri 1 Sewon**

Wong kang Mulyo, Ibu

Sumunar lan tentrem dening bagaskara
adem-ayem katiuping maruta
kembang kang gawe asrine taman
mung sethithik kang didarbeni wong kang mulyo
sakapike inten lan keporo luwih

Ibu,
Ibu kang kebak rasa tresna asih kang tulus
Ibu ngluwihi sakkabehe
ngopeniaku kanthi ikhlas
dikandhani kahanan donyo
dikompliti tandhon pari

Lan aku tansah kelingan
Ibu mesthi paring wewarah marang aku
saiba bungahe atiku, nek aku bisa ngopeni Ibu

Kuwasaning Gusti

Aku urip ana tengahing donyo
Bareng-bareng awu ing dalan
Ngunekake swara nganggo gendulku
Ngukup duit saka wong kang loma
Lego mergo sego sak emplokan

Aku iki dinistha,
diidoni ana tengahing panase srengenge
dilokke lan diasorake
nalika aku bisa bebas ambegan
nanging aku ora bakal leno,
ora bakal nglokro

Gusti tetep ngerti tumindakku
menehi panguripan marang aku
kadhang kala ireng utawa putih tetep taktampa
Gusti ora nate kendel
Gusti sing ngayomi lan nulung kanti lantaran
merga aku percaya bilih Gusti ora sare

Rusaking Alam

Alam, lumantar Gusti kang paring sira panguripan
Lumantar sumber pangan kang akeh
Lumantar alas kang paring kamardikan
olehmu ambegan
Lumantar banyu saka pirang-pirang arah,
kang bisa nguripke tanduranmu
Alam, ora nate akeh golek
Alam menehi kamardikan kanggo menungsa ing
donya,
supaya uripe kacukupan
Nanging, sawetara alam ngrasa dilarani,
dimaling, dijaluk peksa, ngotot
Rusaking alam merga manungsa
Rusaking alam nuwuhake bencana
Banjir, longsor, lan sapanunggalane

Aja nganti alam lara maneh,
Merga Gusti bakal menehi balesan kang
sakmurwat

Pados Ilmu

Lintang kang gumebyar,
ijoning alas,
agunge bagaskara,
kuwi kabeh bisa dadi sangu,
sangu anggonku sinau,
sangu anggonku mbangun bangsa
aku ora bakal lena anggonku sinau
aku kudu bisa nggopek langit
mula aku tekad, golek ilmu tekan negari cina

Bapak Ki Hajar Dewantara,
Aku putra bangsa,
Aku ora bakal lena anggonku sinau
Kayata perjuanganmu
Merga aku ngerti, aku kudu bisa mbangun bangsa
Bangsa kang perlu para putra kang pinter,
supaya ora gumantung marang wong manca

Sekar ing Atiku

Sekar kang ana ing atiku,
dudu mawar,dudu lili
Sekar kang ana ing atiku,
ngluwihi warna kang ana ing pelangi

**Sekar kang ana ing atiku,
dudu emas, dudu inten**

**Sekar kang ana ing atiku,
yaiku kabecikan lan rasa tresna asih
kabecikan sing mesti nggawe aku,
supaya aku terus tumindak apik
kanti aku bisa ngerti
nindakke kabecikan iku ora ana rugine**

**EVA MAULIDA
SMP Negeri 1 Imogiri**

Dina iki

Esuk, awan, sore, wengi
Campur bawur, kebak, brebegi
Dadi siji ing awak iki
Seseg dak rasakake

Suda siji tambah siji
Tan ana kang ngerti
Ilang lima metu lima
Dak buwang ora kuwasa
Sumpeg tan bisa lunga

Werna – werna rupane
Dina iki dadi suwe
Beda – beda wewangunane
Dina iki mbingungake
Kebak guyu ngaruhake
Nlesep nentremake

Siji bisane
Ndonga marang Gusti
Nguwatake jiwa iki
Tan bisa lali
Sejarahing dina iki

Sliramu

Jam iki rendhet
Pikiran buntet
Atiku kejiret
Ragaku gumreget
Kelingan sliramu

Bungah tan bisa kegambar
Sumringah, gumregah, bubrah
Kangen pengin ketemu
Amarga sliramu
Aku tan bisa turu

Kartini

Wanita kang arum gandane
Madhangi kabeh para wadon
Mbedhal pagering wewaton
Ngudi ngelmu ana ing pasinaon
Dadi wanita kang pinunjul
Kang tansah ngresepake
Kang bisa njembarake jagading wanita
Aku tansah eling
Aku tansah syukur
Aku tansah ndedonga
Muga - muga tumeka saiki
Isih ana kartini – kartini mudha
Kang bisa nggawa
Aruming bangsa lan negara

Wit Ombaking Katresnan

Wit ombaking katresnan ngombak kaku
Njoged – njoged kedamu angin
Nggoda pengin melu
Pancen dadi katresnan
Sapa wae kang nyawang

Ana cacing ing ngisormu
Ora ngowahi kaendahanmu
Malah saya pepak
Tambah paseduluranmu
Kang nguwatake oyotmu

Mikul Dhuwur, Mendhem Jero

Kabecikane wong tuwa kang tanpa upama
Ngorbanake jiwa raga, bandha lan tenaga
Bapa biyung kadhang nggitik, nggetak
Kuwi tandha tresna
Supaya anak dadi wong mulya
Ora nglirwakake pituture
Bisa nyimpen rapet wewadine

Kebak Swara

Kebak swara ana njaba
Kewan-kewan padha nembang
Nentremake ati
Ngantukku dadi lali
Kaya aku didongengi

Apa kang dikandhakake?
Aku ora ngerti
Apa kang ditembangake?
Uga ora ngerti
Sing ngerti mung wengi
Jangkrik sindene
Kodok wiragane
Sawah panggunge
Kepenak dirungokake
Rukun dak rasakake
Wengi saisine
Marang swara kang nrenyuhake

**Evi Hidayahwati
SMP Negeri 3 Jetis**

Ambyar

Nalika ati katutup napsu
Jagad iki sangsaya peteng
Kaya mega sing katutup mendhung

Para manungsa wus ora migunakake perasaane
Mung nuruti napsune
Tuntunan-tuntunan sing ana
Wus ora digatekake

Mendhem,main,togel
Wus dadi tradhisi
Sing ana ing bangsa iki

Amarga kuwi,
Jati dhiri bangsa sangsaya kaidak
Bangsa kang agung iki,
Budayane dadi rusak

Angen-angen luhur
Bangsa Indonesia
Dadi ambyar, dadi remuk
Kaya wedi ing segara
Sing disapu ombak

Mula, ayo kanca
Padha sregep golek ngelmu

**Ngelmu sing migunani
Bangsa lan Negara**

Supaya dadi bangsa sing makmur
Bisa ngangkat drajat bangsa
Lan bisa nerusake angen-angen luhur
Negara Indonesia

Ngelmu

Aku kaya kupu
Sing ana ing njero taman
Sabé dino, kupu mau
Ngencoki kembang

Semana uga uripku
Sabé dina mangkat sekolah
Golek ngelmu....
Kang diwulangake marang
Bapak lan Ibu guru

Supaya aku dadi manungsa
Kang migunani wong tuwa,
Agama,bangsa,lan negara

Keplok Ora Tombok

Ing donya iki
Akeh manungsa kang
Tumindak ala
Kayata keplok ora tombok

Wong sing keplok ora tombok iku,
Ora bedo karo maling
Maling iku gelem becikke
Nanging ora gelem busikke

Seneng atine
Mogel ilate
Gawe sengsara manungsa

Kanca,urip iku
Mung sepisan, mung sedhela
Mula,
Aja seneng tumindak ala,
Aja seneng keplok ora tombok
Amarga kuwi kabeh ora becik

Pati

Nalika sangkakala didamu
Marang malaikat Israfil
Ing sakedheping netra
Jagad iki bakal remuk
Kaya godhong garing
Sing disapu angin

Manungsa ing donya
Mung bisa pasrah
Ora bisa polah
Pasrah marang Gusti
Kang Maha Kuasa

**Udan tangis sing ana ing donya iki
Nalika malaikat Izrail
Teka njabut nyawa
Kabeh manungsa
Bakal nekani patine**

**Pati kuwi, ora ana kang bisa ngerti
Mung dedonga lan nyenyuwun
Marang Gusti
Kang bisa nyelametke manungsa
Tekane alam suwarga**

**FADHILA SURYANTINI
SMP Negeri 1 Jetis**

Uripe

Uripe kabeh wong kaya
Roda pit kadang
Nong dhuwur kadang
Nengisor
Tegese sok untung
Sok akeh cobaan

Wektu
Wektu urip ing donya
Do amalla nganti saakeh-akehe
Wektu iku gunakna
Saapik-apikke
Aja nganti ora
Deloko meh mburine

Ibu

Ibu kowe nglaherake aku
Nyawamu tok pertaruhake
Kanggo aku anakmu
Kowe ngrawat aku nganti gedhe
Ibu jasamu gedhe banget
Tapi aku mek iso donga
Kanggo jasamu
Ibu ...

Musuh Becik

**Musuh kang becik
Iku kaya bebek musuh mliwis
Tanding ing kepinteran
Iku kang kasebut musuh kang becik
Aja da mungsuhan sik ala
Ndak cilaka**

Lindu

**Lindhu ing dina setu, 27 Mei 2006
Ngombang-ngambingke ing kabupaten Bantul
Rakyat pada nangis
Mek dak isa donga kalian ingkang Maha Kuasa**

**FAHMI AHMADA
SMP negeri 1 Imogiri**

Tsunami

Byar-byur-byur!
Swara ombak kang lagi ngamuk.
Wedhi,watu,lan karang sing ora duwe dosa kentut
kena amuk
Apa salahe?
Apa sebabé?
Yen didelok saka gisik,
ana wit-witan krambil sing njaga kowe.
Sekar-sekar sing endah,
sing sok ngajak kowe nembang lan njoged
bebarengan.
Srengenge ndelengke kowe karo mesam-mesem.
Nanging apa balesanmu?
Swara lan polahmu gawe prau-prau padha
jempalikan,
omah-omah padha mrethel
wit-witan padha ambruk
wong-wong padha bengok-bengok njaluk tulung!
O...alah,
iki gek lelakon apa?
Apa iki sing jenenge tsunami...?

Rasane Apa?

Dina iki aku wegah mangan
Wayah iki aku memeng jajan

Apa iki sing jenenge tresna?
Pendhak ketemu sliramu, jantung ku dheg-dhegan,
banter banget
Saben ana sliramu...
Dhadha ku rasane mak seeeeeer...!
O...iki to rasane tresna?
Apa tresna kuwi bisa didelok?
Apa bisa dirungokake?
Ora.....tresna kuwi mung bisa dirasakake!
Sing bisa ngrasakake yo mung sliramu dhewe...
Mula aja takon karo wong liya!
Nek tresna kuwi rasane kaya apa?

Gotong Royong

Wit pelem gedhe dhuwur,
oyote dawa tekan ngendi-endi.
Saka ngisore wit,
ana semut kang padha gotong royong.
Semut iku mau nggawa apa...?
Semut iku mau nggawa bathang walang!
Ngapa wong jaman saiki arang gotong royong?
Ngapa wong jaman saiki arang padha tetulung?
Apa kowe pengin ngerti tenanan?
Jawabane ana sajroning atimu dhewe...!

Golek Ngelmu

Dadi bocah aja mung tura-turu neng ngomah wae!
Dadi bocah aja mung nglamun wae!

Mbok ya mikir.....!
Kowe ki sesuk arep dadi apa?
Anak bojomu sesuk arep mbok pakani apa?
Mbok ya kowe ki ngaji!
Mbok ya sliramu ki sekolah!
Mbok ya sampeyan ki golek banyu bening!
Luwih apik maneh yen sekolahe wis lulus ki kerja!
Supaya bisa dadi wong kang mujur.

Kanca Urip

Cahyamu ngganteni srengenge.
Yen peteng,
kowe sing ngancani aku,
kowe sing njaga aku,
sliramu sing ngawasi aku.
Coba...
upama kowe ora ana,
wong-wong ora bakal bisa urip
wong-wong ora bakal bisa nyambut gawe.
Esuk,awan,bengi...
Kowe ngancani aku.
Nanging wong-wong padha milih kokkancani ing
wayah bengi.
Kowe ngancani aku sinau,
ngancani aku nggarap PR, ngancani aku gawe
geguritan.
Udan,banjir,lindhu...
Kowe ngancni aku.
Kowe pancen kanca uripe manungsa.

**LUTFY LAKSITA PRANANDARI
SMP Negeri 1 Bantul**

Ajur

Kanca

Menawa donya iki kebak rerusuh
Wong padha kerah, gelut, congkrah
Rasane sumpeg, sumuk, seseg
Lungkrah ...

Nuwuhake bangsa, rusak, bubrah ,ajur

Kanca ...

Lamun jagad iki kakeyan kucing benthik lan tikus
Kaya akeh asu arebut balung
Kapan ana katentreman
Kebak kesenengan, ora ana tetangisan
Ora ana getih mili mblabar

Kapan donya iki kebak guyu
Nanging, dudu guyu pahit,
Utawa esem kang kablinger

Kreweng

Nasibmu kang suwe dijur-jur dening kahanan
Mung kanggo dolanane jaman
Ndadeni urip saya abot
Kang nyangga sesanggan
Gawe butheke atiku

Kreweng....

Kowe kaidak-idak dening rodhane wektu
Bali maneh menyang dunungmu
Wis ora bisa ngiyupi sapadha-padha
Njalari donya iki dadi panas sumelet

Sruling

Swaramu nyigar sepining wengi
Ndadekake ati tentrem, ayem
ngguwak rasa senep
Kang ngganjeli atiku

Sruling ...

Wujudmu kang ayu
Ngresikke pikiranku saka sangkrah
Nuwuhake donya iki dadi seger, sepi nyenyeret

Walang Kadung

Rupamu kang ijo royo-royo
Nuwuhake ati tentrem, ayem
Wujudmu kang cilik menthik
Trima dadi pakan kewan-kewan giras
Uripmu ora tau kepenak
Di rusuhi jaman, kewan, kahanan sumpeg
Saiki umurku entek ...gigis
Dipangan gilingane jaman edan

Lintang

Ndak deleng cahyamu
Katon sumelet-melet „tanpa wates
Kang dadi cagak ganjeli bumi iki

Lintang ...

Kowe dadi surya kang madhangi donya iki
Kang mbukak ati menungsa
Kang wis padha wuta marang katentreman

**NABILA HUDA UTAMI
SMP Negeri 1 Piyungan**

Pancasila

Pancasila
Dadi dhasar negara Indonesia
Dadi dhasar kabudayan Indonesia
Dadi dhasar hukum kang dhuwur dhewe
Kang dilakoni karo rakyate

Pancasila

Paugeran kanggo tumindak
Kanggo nggayuh urip prasaja lan mulya
Nuwuhake manunggaling tekad
Agawe negara kang kukuh
Aweh tentrem lair batin

Pancasila

Kesektyanmu wus diuji
Kang dipikul dhuwur dening rakyat
Nanging amung kesadarane dhewe-dhewe
Kang bisa tumindak miturut pancasila

Mula kanca, padha tumindak kanthi adhedhasar
Pancasila
Kanggo nggayuh gegayuhan
Kang mujudake bangsa kang makmur lan prayoga

Lintang

Saben wengi ngebaki angkasa
Kerlap-kerlip cahyane
Kang bisa gawe ati seneng

Lintang madangi langit kang peteng dhedhet
Sajake seneng gawe donya padhang

Lintang,
Kaya rama ibu kang madhangi atiku
Sing ngajak ing kabecikan

Lintang,
Kaya widadari
Kang tansah ngetokke endahe
Lan ayune ngedap-edapi
Saben paningal nyawang lintang,
Tansah eling mring Gusti Pangeran
Kang nyipta lintang kang padhang
Lan agawe cedhak mring Gusti Pangeran

Dosa

Kembang kang megar
Nyebarke arume
Kupu kang mobar-mabur
Uripku kaya wit ing taman kuwi
Kang wis gogrok godhonge
Ora bebas, sajake kupu-kupu
Amarga aku manungsa

Ora luput seka dosa
Sabé dina amung nambahi dosa
Amung nuruti nafsune setan
Aben dina, urip neng donya saya suda
Nanging dosaku iki ora bisa kaitung
Aku wedi dosaku
Dosa marang Gusti Pangeran
Aku percaya Gusti Pangeran tansah maringi ampun
Menawa aku tobat kanthi tenanan
Mula, ayo kanca urip aja disia-sia
Mumpung isih urip
Akehana tumindak kabecikan kanggo sangu
akhirat

Tangising Krajanku

Krajan iki dadi rusak
Tangise ngeres-ngeresi ati
Oo.. le ora rusak lan nangis wae kepiye
Akeh wong kang nglanggar aturan lan tatanan
Papa Cintraka
Sugih Miskin
Anom Tua
Ora ana bedane
Sing nggawer Undang-Undang nglanggar
Jalaran pengen entuk kekuwasaan
Korupsi, *kolusi nepotisme* dadi budaya
Dhuwit ngajak rusake negara
Dhuwit dadi pikiran
Pemimpin saiki ora ana sing isa dipercaya
Undang-Undang kang wis digawe, ora ditindakke

He.. manungsa
Donya iki amung sauntara
Aja nambahi dosa
Padha tumindako kang isa nambani krajan iki
Supaya krajan iki dadi tentrem

Waspadakna Donya Iki

Donya kang gedhe iki wis rusak
Kendaraan kang padha bludak
Manungsa wis ora duwe rasa kamanungsan
Nambahi rasa kang keiris iki
Kahuripan sing tentrem dadi peteng leliwengan
Prahaba kono-kene tan ana kendhate
Alas wit-witan padha ilang
Dening tangan manungsa
Sing ora ngerti tanggung jawab
Lan ora mikir apata akibate
E... para kanca
Anom lan tua
Padha sadaro
Donya iki ciptaane Gusti kang Maha Kuasa
Mula padha dijaga
Kanthy dhasar agama
Benne donya akhirate mulya

**NORMA FIA AFRIANA
SMP Negeri 2 Pleret**

Dosa

Kalbu drodog kenceng
Awak gemeter
Mripat miliake mutiara-mutiaring ati
Yen krungu suara jejeluk kang ngresepake

Ngelingi dosa wis kaudi
Kaya nggrogoti sucining ati
Saya suwe, gawe buthek beninge banyu
Gawe sumpek katrontremaning ati

Dhuh Gusti
Linepatna kalepatan kawula
Among panjenengan Dzah kang Maha Kuasa
Kang paring pangapura

Alam

Alam kadhang ngapusi
Tak delengake katon edi
Kepenak kanggone
Alam ...

Langkung gedhe sabarmu
Jalwa kang ngrembaka nang nduwurmu
Tan ora mikir lestarimu
Ananging kowe yen nesu

Nanging yen,kowé nesu
Tansa gawe gara-gara kang gedhe
Jalwa tan bisa ngalang-alangi karepmu
Among Gusti kang bias nguwasan

Jeriting Margi

Ana ing tengah wengi
Sitoresmi kang cumlorot
Madange petenge wayah ratri
Tak delengake bayangan ran gedhang ngawe-
ngawe

Padha ngajak, ayo padha miring
Jerit-jeriting putra margi
Kang anyenyadong nyuwun pambiyantu
Aneng sakpro lampu bangjo

Ananging, ra bias tekan kuasaning Negara
Kaya njerit ono ing tengah wana
Tan ana jalwa kang ana

Jaman Edan

Jaman iki jaman edan
Akeh titah padha pasulayan
Rebutan madu balung tanpa isi
Rebutan bab kang janjane sepel

Ywa dindakna rebutan panguasan
Kang janjane sepele
Tan bakal ditakoake
Aneng donya kang baka

Ayo, padha rebutan ngilmu
Luwih-luwih ilmu agama
Nanging aja nganti sulaya
Ora mung rebutan panguwasa
Kang janjane among gawe gara-gara

Ngudi Ngumu

Para kanca ...
Ayo padha sinau
Ngudi ngilmu nganti saktekaning pati
Bab kang ngalang

Ayo padha dirambati
Kaya mrambat wit klapa kang dhuwur
Wot kang gumantung liwatani
Iku bab kang kudu diudi
Supaya sira dadi titah kang migunani
Marang bangsa lan nagari
Jalaran timun wungkuk jaga imbuh
Among dipilih yen ora ana sing luwih apik
Dingo yen kurang timbange

Rekasaning Urip

Ana ing tengah wengi
Ingsun nglilir
Saktekaning fajar
Ngelingi warta

Kang gawe duhkita
Ingsun ra bisa nahan
Rasaning duhkita kang sansaya lara
Uninga yen kathah panggede padha korupsi
Reregan mundhak, kelaparan, kemiskinan

Akeh pagebluk,
Prahara kang gawe gara-gara
Dhuh pangran apa iki jenenge urip
Kebak sengsara

**NUR INA WULANSARI
SMP Negeri 3 Bantul**

Kebo

Kewan kang dianggap asor
Gedhe awake nanging ciut pikire
Bisane mung ngluku nggaru
Manut karo sapa wae
Mula aja kaya kebo
Kebo iku kewan sing bodho
Yen kowe kaya kebo
Dadi bodho longa-longo
Urep ora bakal maju
Malah seret lan bundet

Kawruh

Kanca,
Saiki wis jamane globalisasi
Kabeh kudu bisa saingan
Kita kudu pinter
Kareben ora kalah karo wong manca
Aja nganti Indonesia dijajah maneh
Kita kudu bisa dadi generasi unggul
Aja dadi sampah masyarakat
Mula kita kudu meguru
Meguru golek kawruh sing becik
Kareben Indonesia bisa maju
Bisa madhani derajate negara manca

Kekarepan

Kanca,
Yen duwe kekarepan sing gedhe
Tur kita isih nunut wong tuwa
Mula kita kudu bisa ngajeni
Bisa gawe seneng wong tuwa
Kayata omah
Yen olehe gawe kegedhen empyak
Tur malah kurang cagak
Omah iku bisa ambruk
Mula yen duwe kekarepan
Kudu sembada
Supaya ora gawe susahe wong tuwa

Bebek

Kewan kang becik tumindake
Yen golek pangan mesthi bebarengan
Ora ana congkrah
Gampang ditata
Beda karo manungsa
Yen manungsa
Golek pangan bebarengan
Nanging padha congkrah
Lan yen ditata ora gelem
Geleme sapenake dhewe
Pengine bebas
Nanging malah klewatan
Tumindake wis ora karu-karuwan
Mula kita kudu eling

**Yen kita iku urip ing masyarakat
Mula kudu gelem ditata
Yaiku manut karo peraturan**

**NURDIYANTO
SMP Negeri 1 Banguntapan**

Kranjang

Kranjang iku dadi saksi
Rikala aku pijer nangis
Kadhemen, luwe lan bebuwang

Kranjang iku minangka crita
Rikala aku digadhang
Digedhong jarik ditembangake lelagon jawa

Kranjang iku micara
Rikala aku diayun
Mangiwa lan manengen
Supaya bisa meneng anggone nangis
Lan enggal turu

Saiki aku wus dadi manungsa
Kang diarep-arep bangsa
Saka donga lan pangajabing ibu
Enggal mentasake kabobroking negara

Ibu Pertiwi

dak sawang ibu pertiwi
nembe cuwa, nangisi dina wingi
lara keranta-ranta
lara gela kang ora ana jampine

Ibu gela,
nggetuni mangsa kepungkur
awit wus nggendhekake putra durja
putra kang ora bekti mring ibu pertiwi
wus njarah lan ngrusak pasugihane alam

Ibu, pengin dakusap banyu kang mili ing pipimu
nanging apa bisa?
Putra durja angarep-arep lunturing sih

Ibu pertiwi,
Kanthi andhap, dalem nyuwun gunging
pangaksama
Pituturmu bakal dak ugemi ngantri tumekaning
pati
Kanggo bektiku mring ibu pertiwi
Lan wujud sih katesnanku mring nuswantara

Sungkem Kagem Ibu

Kanthi rasa kang bisa medhot uripmu
rasa kang nora bisa digambarake larane
Lelabuhan kang ngetohake nyawamu

rasa lara datan rinasa
susahmu ilang dadi bungah
kanthi pangajab mring Gusti
"mugi dadi wong migunani"

iku sakcuwil gambaran pengorbanan
perjuangane ibu mring putrane

**rasa lara lan susah
amung ana pangarep-arep lan bungah**

**Ibu pengin ingkang putra sungkem
ananging apa pantes?
Si durjana sungkem ing sukumu
Putra kang kebak salah, luput, lan gawe euwo**

**Ibu kanthi pangajab tulus lan pasrah
Ingkang putra nyuwun pangapura**

Indonesiaku

**Gagah prakosa mrebawani
bawera njejak bawana
gemah ripah loh jinawi
kawula makmur, nir sambekala**

**bagaskara sumurup ing sisih wetan
ngawe-awe kadang tani
supaya ndaut lan matun hasil bumi
kanggo kawula tentreming jiwa raga**

**o.... Indonesia
bakal dak belani nganti tumekaning pati
saka tangan nistha
kanthi tumbal nyawa lan bandha
aku bombong, marang Indonesiaku**

Guru

Lumaku nitih motor tuwa
kang sakwayah-wayah mandheg ing dalan
nyangking tas suwek kang kebak buku
jebol ing dalan, mbrojol bukunira

kanthi pasuryan sumringah
sira dhidhik para putra bangsa
supaya bisa dadi blencong
ing sandiwara donya

guru, sira menjila marang pakaryan liyan
ekonomi kaimpit, pawon ora kemebul
rasa luwe lan papa
ngabdi marang nagara
kanthi ikhlas tulusing manah

guru pahlawan pendhidhikan
ngentasake nagara saka kancintrakan
amrih adil makmur lan sentosa
guru, pahlawan bangsa tanpa tandha jasa

Urip Mung Sakedheping Netra

Ya ana wong sing dhegleng
sing ora ngerti marang Gustine
uga keh pawongan
kang kebak nikmat lan pitulungan
nanging lali marang Gustine

**apa padha ora ngerten
yen wis tekaning pati
wis ora bisa suwala**

**pancen urip mung sakedheping netra
kudu nggeguru marang wong iman
supaya nastiti lan waspada
marang pati sing tanpa kula nuwun ndherék wingi
dhuh Gusti, paringono dalan padhang**

Niru Lakune Uler

**Dak sawang gegodongan ing taman
sajak rekasa,
mikul sakwayah-wayah
nggrogoti, lan mangani godhong**

**uler kang duweni watak srakah
nggarong godhong kang dienciki
bolong, punthes, lan niba tanpa sisa**

**daksawang maneh isi uler
rampok kang biyasane nggrogoti godhong
saiki wus ora ana
wus dadi kepompong
uler tapa, pasa, njaluk ngapura
kanthi lembah manah Gusti
kanthi tanpa uler ilang
wus dadi kupu kang endah
plambang wong ala kang dadi wong iman**

**PHUTU BAYUARTI HUTAMA
SMP Negeri 1 Sanden**

Guyup Rukun

Ing Sajroning Atine Manungsa
Kabeh Mesti Duwe Rasa
Kepengin Apik, Kepengin Becik
Mung Kena Apa
Kowe Padha Crah
Padha Congkrah
Singkirana Barang Kang Nyebabake
Kelakonan Kuwi Mau
Dadiya Siro Kabeh
Manungsa Kang Guyup Rukun
Lan Tirunen Paribasan
Crah Agawe Bubrah, Rukun Agawe Santosa

Bekti

Anak Kudu Bekti Marang Wong Tuwo
Luwihi-Luwihi Marang Ibu
Kena Apa ?
Amarga Ibu Kang Nglaherake Kita
Kang Ngrawat Kita
Kang Ngopeni Kita Kabeh
Para Anak
Dongakno Wong Tuamu
Ajenono Wong Tuwamu
Mundhak Kowe Dadi Bocah Durhaka

Alas

Alas kang gung liwang-liwung
Dadiya omah para manungsa lan kewan
Wit-witan kang ngrempuyuk
Kaya dadi rambutung donya
Kewan akeh, urip rukun bebarengan karo
manungsa
Mung ana satitiking manungsa
Sing ora mikir dawa
Wit-witan ditegori, kewan-kewan dipateni
Nyebapake bebaya lan bencana
Para muda, dadio generasi kang becik
Biso ngrawat apa ta wae kang ana ing donya
Luwih-luwihe alas
Para muda, lestarikna alas lan donya iki .

Donya

Donya Iki Nangis,
Donya Iki Sedih
Meruhi Kalakone Manungsa
Kang Ora Becik, Ora Apik, Lan Ora Terpuji
Mulo, Ngungkuo Memburi
Para Siro Kabeh
Dadekno Donya Iki
Dadi Donya Kang Ayem, Tentrem
Dadi Papan Kang Endah Adi

Cebol Nggayuh Lintang

Dadi duwe panggayuan iku kudu bisa
Netrepake marang kakuwatane dhewe
Amarga bakal nampa kamokalan
Marang gegayuane dhewe
Becik sira kabeh
Kudu bisa nyelarasake
Gegayuhan mau marang kakuwatane
Mundak dadi
Paribasan
Cebol nggayuh lintang

RIVA FAUZIA
SMP Negeri 1 Pleret

Uripku

Uripku kaya Banyu
Banyu sing isih resik, anteng, ayem lan tentrem
Nanging godhong-godhong padha ngregeti
Bocah cilik padha ngopyak-opyak
Urip dadi pating semrawut
Banyu dadi reged lan buthek
Senajan kaya ngono
Ana sing ngancani awake dhewe
Yaikuiwak, lan kanca-kanca
Yen isa sabar lan tamba
Derajate bakal tambah
Terus urip bali anteng, ayem, lan tentrem

Mela-melu

Dadi Bocah aja manutan
Ngalor ngidul mung ela-elu
Ora mikir ora nggunakake ngelmu
Bocah sing mbiyantu iku durung mesthi bener
Sapa ngerti mung sapandeleng
Yen arep tumindak dipikir dhisik
Takon sanak kadang
Ben ora keblasuk
Ojo seneng tiru-tiru
Mengko mundhak salah,wagu tur keliru

Nggunakake Wektu

Dadiya wong kang
Sregep sinau
Ojo mung jagongan
Kakehan guyu
Ora ana bayi
Kok apa-apa wis ngerti
Wong pinter iku
Agung lan mulya
Dene wong bodho mau
Asor lan ina
Kelebu kapitunan
Wektu ora kanggo kabecikan
Tambah umure
Nanging ora tambah ilmune

Siksane Wong kang Ora Sholat

Rasane wong ninggalake solat
Ana kubur sambat-sambat
Anggone sambat ngaruara
Mlebu kubur cokot ula
Bendune Allah kang ditampa
Bisa-bisa dilebokake neraka
Wiwit alam Barzah nampa siksa
Neng neraka *Wail* luwih lara

Carane Sinau

Wong-wong padha kepingin pinter
Ananging ora kabeh kasembadan
Akeh sing ora, sithik sing bisa
Merga pancen usahane beda
Ngertia ora bisa pinter kejaba
Gelem nggatekake enim perkara
Siji limpate akal
Kanggo mikir sing ketoke muhal
Karepe kuwat ora ambyar
Merga donya kang gumebyar
Teruse sabar lan sangu
Wektune suwe tur pituture guru

**SEPTIANA MUNDIARNATI
SMP Negeri 2 Bantul**

Pangorbanan

Ibu.....
Wiwit kuncung nganti gelungku
Sliramu satya ngrumat awakku
Sanajan rekasa jiwa lan raga
Nanging sliramu ora tau lena

Rina wengi sliramu andedonga
Nyenyuwun marang Gusti kang kuasa
Supaya uripku tansah santosa
Ora tau nemoni cintra

Endhahe Wengi

Ing latari kang endah iki
Endahe tumekan ing jero ati
Nyawang lintang kang nari-nari
Nambahi ramene ratri iki

Duh, Gusti kang maha suci
Dadosna lastri kang endah iki
Agawe karukunan lan katentreman negari
Sarta santosane pratiwi

Candhi Borobudur

Rasa kangen ing atiku
Nambahi gedhene tekadku
Ing Muntilan anggonku nuju
Kanggo nyawang endahe awakmu

Suwene anggonmu madeg ing kana
Ndadekna wisata kanggo wong manca
Kaluwih dadi kebanggaan ing donya
Candi Borobudur kang gedhe lan prakosa

Sepine Tanpa Kanca

Ing taman kang endah iki
Atiku tansah wedi lan sepi
Sanajan aku manungsa
Nanging aku butuh kanca

Kanca kang bisa micara
Lan bisa agawe santosa
Amarga urip tanpa kanca
Kayata urip ing jenggala

**SULISTYANI RAHMAH INDAH P.
SMP Negeri 3 Sewon**

Pepeling ing Wayah Wengi

Rikala tengah wengi kang sepi
Rembulan katon sumunar padhang
Lintang-lintang angebaki tawang
Ora krasa pikirku ngrambyang
Ngrasakke kahanan kang sinawang

Negara lan praja nembe sengsara
Banjir, lendhut, lindhu, lesus terus matumpa
Alam wis rusak merga polahe manungsa
Srakah, jarah rayah dumeh lagi kuwasa
Padha adigang adigung adiguna
Ora eling lestarine alam kudu dijaga
Ora eling wus nuwuake prahara
Ora eling rakyate dadi sangsara
Kelangan, bandha donya, uga nyawa

Sejatine, apa kang wis dumadi
Kabeh pepeling saka Gusti Kang Maha Suci
Supaya manungsa padha ngabekti
Tansah manembah rina lan wengi
Ora kendhat anggone memuji
Rasa iri, drengki tansah disingkiri

Mula aja lali anggone ndedonga
Muga-muga prahara enggal sirna
Nerusake padha tumandang karya

**Supaya Negara enggal tumata
Nuju kamulyaning praja**

27 Mei 2006

**27 Mei 2006...
Nalika sunaring surya
Wiwit jumedhul madhangi jagad
Nalika wong-wong kang nembe gumregah saka turu
Arep miwiti tumandang makarya**

**27 Mei 2006...
Esuk wayahe, nalika obah jagade
Lindhu... iku arane
Ora kanira, akeh korbane
Rusak omahe, ilang bandhane
Ora kapetung sing kelangan nyawane**

**27 Mei 2006...
Sejarah kang peteng...**

Bangkit Bantulku

**Ora krasa wis rong taun lumaku
Bebaya lindhu kang ngrusak Bantulku
Kahanan kang ora karuwan
Wis katon pantes sinawang**

**Kayata pacoban abot kang disandhang
Ora ndadekake nglokro anggone tumandhang**

**Gotong royong mbangun wisma
Bantu binantu mranata praja
Amrih tumata sedaya warga
Pinaringan nugraha saka Kang Maha Kuasa**

BANGKIT BANTULKU!!!

Malem Kemis

**Ing wengi kang atis
Rembulan njedhul sawise grimis
Atiku miris
Kelingan lelakon kang uwis uwis**

**Lamat-lamat wewayangane sliramu
nggodha atiku
Saben kelingan esemmu
Sangsaya rinujit-ujit atiku**

**Wengi iki malem Kemis
Sing keprungu amung swara tangis
Tangise atiku kelingan sliramu
Sliramu sing tak gadhang malah mlayu**

Mawar Biru

**Semilir angin ing wayah esuk
Gawe tentreme atiku
Nalika kelingan sliramu nate janji
Ngugemi katesnan sejati**

Ing kene neng pinggir segara
Kangmas uga nate kandha
Menawa katresnan kang suci
Mung kanggo aku kang rayi

Saiki tansah dak antu-antu
Kangmas rawuh ngasta “*mawar biru*”
Tanda katresnan saka sliramu
Sliramu kang tansah gawe bungah atiku

**SURATI
SMP Negeri 3 Pajangan**

Urip

Uripku ana ing ngisor wit-witan
Wit kang digrogoti rayap
Nganti ambruk ana ing banyu
Sanajan ambruk
Wit iku isih bisa urip maneh
Nanging wit iku ora subur
Amarga ora duwe oyod
Sing bisa kanggo ngadeg jejeg
Bisa kanggo gondhelan
Sebab kabeh oyode
Kropos kepangan dening rayap

Wong Jaman Saiki

Jaman saiki
Jaman kang tansaya modheren
Jaman kang tansaya maju
Kepinteran ora bisa dituku
Ananging pengalaman kudu digugu
Ya kuwi ananng jaman saiki

Wong tuwa kang dewasa
Durung bisa ngemong kemajuaning donya
Jaman saiki akeh wong enom kang isa maca
Maca apa kang ana ing donya

Wong tuwa njaluk warah marang sing enom
Ananging iku ora ana sing ala
Sebab kuwi luwih prasaja

Anoman

Anoman iku apik budine
Sanajan kethek wujude
Nanging eloke seneng tetulung
Mula saka iku
Aja kongsi nyawang rupa
Amarga rupa iku kadhang kala beda karo isining ati
Ati kang suci wong akeh bakal nyedhaki

Manungsa

Manungsa iku diciptaake sing kuasa
Mula kudu manut prentahe
Manungsa ora ngerti urip lan matine
Amarga sing kuasa sing anentoake
Aja kongsi ninggalake shalat limang waktu
Nanging tinggalna larangane
Iku wajib hukume
Supaya slamet donya akhiratmu

**VINNY RISTA WINURTIKA
SMP MATARAM**

Guru

Becik bebudenmu
Aweh mring ngilmu
Gedhe lelabuhanmu
Marang sapa wae
Maringi pitutur mikolehi

Kebecikanmu kang tanpa winates
Dadi panuntun sapadha-padha
Aku bisa tresna lan sembada (kendel)
Amrih bisa nggayuh pamrihku (karep)

Murakabi banget piwulangmu
Ananging kena apa,
Budi luhurmku kang tanpa upama
Iku
Tanpa tanda jasa

Pancasila

Telungngatus seket (350) tahun
Lawase
Bangsa kita dijajah Walanda
Rakyat nalangsa lan sengsara
Diidak-idak rasa kamanungsane

Indonesia mikul abot lahir lan batin
Dirusak mentale, wis ilang percayane
Awake dhewe maneh
Matumpuk-tumpuk rekasane

Ananging kanggo kamardikan
Kudu wani maju mbela bener lan adil
Para pejuang lila korban jiwa raga tumrap
negara

pancasila kang dadi dhasare negara
bisa ngrebut tamba ati kang lapa
kanthi persatuan lan percaya
mardika ... mardika ... mardika !

Indhahing Taman

Sesawangan kang nyengsemake
Gegodhongan kang ijo royo-royo
Ndadekake seger lan ayem
Swasana sinawang katon asri

Warna-warna rupa kembang
Sing lagi padha megar nambah
Wangi ing taman
Ndadekake rasa ati kang maune
Sungkawa dadi bundah

Kupu-kupu lan kumbang padha
Menclok
Nyesep sarining madu

**Manawa kabeh mau nambahi
Gumbiraning ati
Taman kang endah, sing
Ndadekake rasa
Seneng sapa wae
Pancen kudu kita syukuri
Manawa
Kabeh mau ciptaning pangeran
Kang agung**

Pelopor Wanita

**Endhah pasuryane, lantip pikirane
Gedhe lelabuhane, tumrap wanita
Mbukak jagad sing peteng, amrih
Bisa
Padhang kaya dene soroting sang bagaskara
Byak ...**

**Padhang, wisa ora peteng maneh
Jagade
Saiki wanita wis padha drajade
Karo priya
Ora mung dadi kanca mburi
Kang minangka pelopor
Emansipasi
Mula....
Dadiya putri sejati
Luhur bebudene, kanthi sesanti
Ing ngarsa anuladhani, ing
Madya mangunkarsa,
Tut wuri handayani**

Pemuda

Para muda dadya satria kang
Utama
Angrungkebi nusa, bangsa, lan agama
Wis nyata manawa Pancasila
Dadi dhasare
Ngera
Pahlawan kang wis sirna
Mbrantas budi
Angkara murka
Lila legawa tummrap bangsa
Angrebut negara, bumi pertiwi kita
Angluhurna pahlawan kang
Ngorbanake
Jiwa raga

Mula ... aja lali, manembah kang maha kuwasa
Kanthy Undang-undang Dhasar
Patang puluh lima
Ayo kabeh padha cancut tali wanda
Aja lali marang sumpahmu, pemuda

**YUNITA NUR ASTUTI
SMP Negeri 2 Imogiri**

Kembang

Taman kang akeh kembange
Kang ambune sumegrak
Marakake atiku trenyuh
Kembange kang warna-warni
Gawe sumringahing ati

Apa ta?
Sing marakake kowe apik
Aku pengin kowe
Kang disenengi uwong-uwong

Nanging apa wangun aku dadi kowe
Mben eneng angin nglawe-nglawé
Ora...ora bisa aku nirokake kowe
Aku tetep aku

Wong Donya

Wong donya saiki ora ana sing becik
Kabeh mung padha mikirke bandha
Ora eling marang Gusti kang maringi

Apa ta sing dikarepke
Wiwit kuncung nganti gelung
Kok durung eling

**Kapan le arep nglenggana
Mbok yo eling rukun agawe santosa, crah agawe
bubrah**

**Duh Gusti paringana sabar
Supaya wong donya iki pada eling marang Gusti**

Sujud Syukur

**He...wong kang disenengi
Ayo pada nyuwun pangapura
Marang Gusti Allah kang maha kuasa
Mumpung Gusti isih bukak lawang pangapuram
Kowe kongsi jambul uwanen kae
Isih tetep dibuka
Ayo pada sujud syukur jaragan isih bisa urip neng
donya iki**

Paseduluran Suket

**Kaya suket neng papan teles
Ayo padhangrungoake bisikan lembut ati urip
Ngolah nurani lan sinau negesi isyarat saka kiwa
tengen
Ngrangkul bumi karo gandhengan tangan
Ben udan grimis ora amis lan gawe miris**

**Becike ngresiki pecahan sing pating slebar
Kaya kluwung nyulam serat-serat kang sumuwar
Ben urip iki ayem lan tentrem**

Kaya Merpati

Maburmabur merpatiku
Nembus mega, nyedhaki srengenge
Bisikan bareng sumiyuting angin

Yen bengi saya kelem
Aku krungu tembang kangen kanggo aku
Yen wayanganmu wis ketutup kalbu
Neng kono langkah awakke dhewe bakal ketemu
Mlaku neng ngarep
Karo langkah jejeg lan dhadha tengadah
Ora ono tumungkul, ora ngeluh mbok tibakake

**MENULIS GEGURITAN:
PENGEMBARAAN LIAR**
Oleh: Suwardi Endraswara

A. Sepuluh Langkah Menulis Geguritan

- (1) Taman itu indah ya? Ada kolamnya yang jernih. Ada ikan-ikan hias, ada di situ. Ada bunga, ada kupu-kupu, ada entahlah, tikus mungkin. Mari kita masuk ke taman. Basah! Ya, di situ apa yang kau rasakan, dingin, kotor, panas, dikerumuni ikan, belalang, katak?
- (2) Luas. Taman itu berisi apa saja. Ada yang penting, ada yang tidak kan? Nah, coba yang kau rasakan tadi tulislah jadi satu dua kata. Satu dua kata saja. **Satu hal saja.** Mungkin, satu dua kata itu belum pas, gantilah. Ganti, sampai tepat dengan angan-angan, sampai kau puas.
- (3) Lengkapi, kata itu, dengan merasakan apa saja yang ada di taman. Selain air, apa yang menarik. Yang menarik hatimu.
- (4) Kata yang sudah kau jajarkan, coba endapkan dan renungkan. Sejenak saja. Cocokkan pengalaman hidupmu atau pengalaman orang lain yang pernah kau saksikan dengan kata-kata itu. Jangan-jangan pengalaman itu mirip. Berarti andaikata bayanganmu tadi jadi kata *watu* (karena di taman ada batu), pikiran orang sekarang sudah seperti *watu*? Andaikata yang kau tulis tadi **kembang megar**, coba

renungkan, jangan-jangan nasibmu juga seperti kembang megar itu? Suatu saat akan layu. Suatu saat ada kumbang hinggap! Anda celaka atau untung, coba!

- (5) Coba, kata yang berserakan tadi dirangkai, disusun jadi kelihatan baris. Satu dua baris tidak apa-apa. Ternyata, anda sudah jadi perangkai kata. Ya, itu pencipta.
- (6) Baris-baris itu tatalah jadi bait. Bait itu kumpulan baris-baris. Mau lurus boleh, menjorok silahkan, yang penting bagus dipandang. Tapi ingat, harus beralasan. Ikuti contoh ini, lewat layar.
- (7) Tataplah, indah atau belum susunan barismu. Camkan, baca dalam hati, telusuri lewat rasa. Jika ada yang ragu, gunting kata itu, ganti dengan lain. Buang saja kata itu.
- (8) Dihadapanmu berarti ada satu catatan hidup kan. Itu dongeng kehidupan yang kau ciptakan. Sekarang, coba beri label (judul). Judul itu pikiran, yang mewakili isi. Judul yang bagus, menurut anda. Yang sensasi, unik.
- (9) Jadi kan sekarang, sebuah geguritan. Ya itulah, gurit itu artinya ya rangkaian kata tentang catatan hidupmu. Gurit adalah susunan kata indah, yang memuat dongeng kehidupan. Jika sudah, bacalah sendiri, lalu tukarkan dengan temanmu. Berilah saran, jangan kritiklah, saran saja. Saran bagusnya di mana, kurangnya di mana. Tidak usah malu, tidak usah. Lalu perbaiki, atas saran

temanmu itu. Tidak perlu enggan menggubah.

(10) Coba sekarang, buat kelompok lima-lima. Pilihlah di antara lima karya temanmu itu, mana yang paling *good*. Yang paling good, bacalah. Yang menurut anda paling kurang good, juga bacalah. Baik good maupun kurang, tak masalah, anda telah jadi penyair. Kini, saatnya "WISUDHA PENYAIR" (tunggu, tanggal main). Ada *surprise*!

B. Empat Jurus Mengolah Energi Batin

Pertama, (1) mari menatap gambar/lukisan/wayang. Itu sudah imajinasi yang diimajinasikan orang, kita imajinasikan lagi. Batin kita fokuskan. Tarik nafas sedalam-dalamnya, lewat hidung. Buanglah kekesalan, kegelian, kekecewaan, kesenangan, keindahan, angin itu lewat desis gigi, lalu tulisan apa saja yang kau anggap gelii, jengkel, anyel, senang, dsb. (2) tarik lagi tiga kali nafasmu, buang lewat suara: "Huuu!", bayangkan, apa "Huuu" telah adil, penuh kasih sayang, atau sedang murka, ungkapkan jadi kata lagi, tuli; (3) bayangkan lukisan/wayang/gampang, pejamkan mata. Berandai-andailah, jika gambar itu jadimusuhmu, jadi temanmu, jadi atasamu, jadi gurumu, dan seterusnya, apa yang seharusnya terjadi dengan gambar itu, apa ada gunanya untukmu, tulislah; (4) asosiasikan (hubungkan) perjalanan hidupmu

dengan gambar itu, apa kau lebih hebat, lebih kecil, sama, dan seterusnya;

Kedua, garuk kepalamu, sambil minum putih, bila ada. Minumlah dengan: kesadaran imajinatif, minum tiga sampai empat kali cleguk: **Rasakan**, apa rasa air di gelas itu, setelah masuk ke perut, adakah rasanya, dan apakah kau sadar bahwa itu hidup ada keterkaitan antara gambar dengan air di gelas itu? Apakah kau telah sadar kalau air, gelas, gambar itu sebenarnya hidupmu? Tulislah satu dua kata, jangan-jangan, hidupmu itu ada karena batinmu!

Ketiga, kalau kau sadar, sudah coba coret-coret sesukamu tadi, lukiskan air, gelas, gambar itu sebagai hidupmu, sebagai Tuhan, sebagai malaikat, sebagai guru, sebagai....!Sebosan batinmu. Jadilah! Apa sekarang. Berarti, karya itu sekedar energi batin kan yang diekspresikan.

C. Enam Cara Menghidupkan Geguritan

- (1) Berilah ruh pada benda-benda sekitar, biar seperti manusia
- (2) Bangkitkan andaikata sebanyak-banyaknya
- (3) Pakai alegori hidup itu seperti
- (4) Kaitkan peristiwa dengan hidup manusia: tsunami, gempa
- (5) Deskripsi pujaan gunakan metafor/bandingan: ibu, bapak, guru iku kaya....
- (6) Gambarkan suasana dengan repetisi, semakin tajam, mendalam.

D. Menulis Geguritan Tingkat Tinggi

- (1) Coba, dengarkan, asah telingamu. Saya akan menyel tel musik. Dengarkan baik-baik, munculkan ide dari musik itu. Apa coba kata pertama yang akan kau tulis. Jadilah tiga kelompok saja. **Menulis ramai-ramai**, bersama-sama berurutan ide. Tiap orang boleh satu, dua, tiga, empat kata.
- (2) Urutkan ke temanmu, dengarkan musik terus. **Menulis di atas angin**, sambil mendengarkan lagu, anda harus melayang-layang di atas angin. Apakah anda seperti uyon-uyon itu, tuliskan cepat. Ingat tulisanmu akan disambung teman yang lain, jangan menulis yang mematikan ide. Estetis sedikitlah.
- (3) Gunakan imajinasi tingkat tinggi. Intusisi diasah. **Menulis tanpa papan**, setengah gila, jadi apa saja jadi. Tapi ya jangan lepas dari alunan lagu itu. Itu yang membangun suasana.
- (4) Bubuhkan bait-bait sesukamu. Baris-baris sesukamu. Lalu, tertawakan sendiri, jika ada yang lucu. Tangisilah jika memang menyedihkan. **Menulis sepadat mungkin** ya, tidak boros kata. Sederhana, tapi kempel.
- (5) Bubuhkan judul yang paling indah. **Menulis judul yang estetis**, lain dari yang lain. Bacalah secara utuh. Maknailah sendiri satu kelompokmu.

Tepat atau belum. Menulis kritik untuk
geguritanmu dan temanmu sendiri.
Berarti kau telah yakin, bisa.

SINAU NULIS GEGURITAN

Dening: Iman Budhi Santosa.

Nulis geguritan sejatine ora angel, nanging uga ora kena diarani gampang. Angel tumrap sing durung bisa, gampang tumrap sing wis mumpuni. Dene kepriye wujude geguritan mau, mesthine para siswa wis akeh sing maca ing majalah, koran, utawa buku kang ngemot kasusastran Jawa. Geguritan ora beda karo puisi ing jagade sastra Indonesia. Basane wae sing beda. Puisi nganggo basa Indonesia, geguritan nggunakake basa Jawa. Dene carane nulis lan aturane prasasat padha. Dene contone geguritan kaya ing ngisor iki:

Sangsaya Adoh

Sangsaya adoh tebane crita
gunung lan segara, uyah lan sega,
angel tinemune, angel dilangga piye rasane
sawise rai-rai kabukak topenge

endi panantang sing biyen ngembrukake langit
lan sesorah kebak gula
kenangapa saiki suthik ndulit?
Apa dumeh wis nyekel panguwasa?

Prajurit sing tinggal glanggang
aji godhong jati aking

(Turiyo Ragil Putro, Jaka Lodhang: 15/2/2003).

Dadi Sapu Gerang

dadi wingiting jemparing
aku wedi lamun kongas nigas janggan sapadha
dadi trojunge tumbak
aku sumelang lamun njojoh jejangkane liyan
kepara dadi sapu gerang
nrima manggon papan pakiwan, nanging
anjuru resiking plataran lan jogan

(Yan Tohari, Jaya Baya, 12/12/1993).

-
- * Makalah ini disampaikan pada pelatihan Bengkel Sastra Jawa Balai Bahasa Yogyakarta, tgl. 13 April – 11 Mei 2008 di SMP Negeri I Jetis, Bantul.

Semut

Kewan kang ngemu pitutur
senajan wujude cilik
sagluguting kolang-kaling
ananging,
nduweni rasa kamanungsan
Semut beda karo manungsa
sepi ing pamrih rame ing gawe
yen antuk pangan ora dipek dhewe
digawa bareng-bareng
uga dipangan bebarengan

Manungsa,
lumrahe awatak srakah
mung mikirake wudele dhewe

(Nur Susanty, Sekar Mlathi, 2005).

Sapa wae sing kepengin nyinaoni nulis geguritan becik mangerten luwih dhisik ngenani: 1) apa kang bakal ditulis dadi geguritan, 2) kepriye carane nulis geguritan mau. Dene jlentrehe mengkene:

1. Apa kang bakal ditulis dadi geguritan

Sadhengah tulisan (geguritan, cerkak, dongeng, esai, layang, novel, reportase, lan sapanunggalane) mesthi nduweni “isi” sing perlu dikandhakake marang liyan utawa murih diwaca dening wong liya.

Upama “isi” mau wujude (X), sing diarani geguritan yaiku (X) sing anggone ngandhakake nggunakake basa (tulisan) kang miturut adat kasusastran diarani geguritan. Dene cirine geguritan, kayata: tetembungane ringkes, cekak aos, ukarane pedhot-pedhot kaya ora (durung) rampung, nduweni irama kayadene “musik” saengga bisa dilagokake (ditembangake), akeh nggunakake sanepa utawa pepindhan, lan sateruse.

Umume, isine geguritan (X) mrentul utawa tuwuuh saka keyakinan, pitutur, pepenginan, panganggep, sing miturut rasa pangrasane si pengjurit becik lan gedhe pigunane tumrap kamanungsan, saengga perlu dimangerten dening liyan. Dene sabanjure (X) mau dipapanake ing sawijining kahanan (prastawa) sing “unik” supaya bisa dirasakake pathi sarine dening wong liya.

Contone, (X) mau diangkat saka paribasan: “kebo gupak ajak-ajak”. Tegese: kebo sing bubar dianggo mluku lan gupak blethok yen nyenggol samubaran mesthi marakake reged. Paribasan iki nggamarake wong kang duwe patrap ala gampang nularake alane mau menyang sapa wae kang srawung karo dheweke. Kejaba saka iku paribasan iki uga menehi pitutur supaya ngati-ati kekancan karo wong kang duwe aten-aten ala, supaya ora ketularan alane. Conto liya, (X) mujudake keyakinan menawa wong kang tumindak bener bakal oleh ganjaran, dene kang tumindak ala (salah) bakal nampa ukuman. Kayadene paribasan: “becik ketitik, ala ketara.” Mula saka iku, aja gampang tumindak ala lan salah. Pintera kaya ngapa anggone ndhelikake tembe mburine bakal konangan.

Dene wujude kahanan sing ngemot isi (X) ngenani “kebo gupak ajak-ajak” mau contone: Si A bocahe pinter, nanging duwe aten-aten kurang becik. Dumeh pinter, dheweke ora gelem sinau. Saben dina gaweyane mung dolan. Ora ketang mengkono bijine raport panggah apik, lan mlebu ranking terus. Gagara sering diajak dolak karo Si A, ana kancane sing ketularan, melu-melu arang sinau. Oleh-olehane, raporte kobongan, meh wae sekolahe ora munggah.

2. Kepriye carane nulis geguritan

Yen dijilentrehake, wosing kahanan ing ndhuwur mau kira-kira bisa ditembungake kaya mengkene:

**bocah pinter iku durung mesthi pinter lan
bener**

**bocah pinter iku durung mesthi pantes dadi
conto**

**bisa uga patrape malah kaya kebo
pinter mluku nggaru**

**nanging yang gupak blethok aja dicedhaki
aja dirangkul kaya sedulur sinarawedi**

**yen ora kepengin gluprut
kecipratan lendhut
kejiret rereged
urip dadi bundhet**

Model kaya sing tinulis iki, upama diwenehi irah-rahan: **Kebo Gupak**, wis kena diarani geguritan, ora ketang durung sampurna temenan. Tegese, ing kene wis ana perangan-perangan kang dadi tandha wujude geguritan. Kayata: 1) irah-ahan (judul), 2) nduwensi “isi” sing kepengin dikandhakake marang liyan, 3) isi mau mung dijupuk wose lan ora dicritakake wewentahan kayadene dongeng, 4) basane cetha, gampang dingerten, nanging tegese ora mesthi padha karo apa sing tinulis, 5) nulise dikantheni sanepa, pepindhan, apadene perlambang, 6) anggone ngrakit basa nggunakake guru lagu, wirama, lan wirasa kang jero.

Terus terang, carane nulis geguritan iku pirang-pirang. Tegese ora mung siji loro, nanging akeh, lan maneka warna. Dadi, ora beda karo kekandhan. Bisa diwiwiti saka ngendi wae, lan dipungkasi tekan ngendi wae. Sing baku, kudu nggunakake basa Jawa, syukur bage uga ngetrapake pocapan, lan greget pathete kabudayan Jawa.

Mbokmenawa tulisan iki kena kanggo “sangu” sethithik rong ithik sajroning ajar nulis geguritan. Dene ana kurange, ayo padha disinaoni bebarengan.■

BIODATA PENULIS

Agusta Putra Winanda, lair ing Bantul, 16 Agustus 1993, Siswa SMP N 4 Bantul, Jalan Kartini 4, Bantul. Alamat rumah Krajan, Jalan R.E. Martadinana 7, Prestasi: Juara III Lomba Dongeng (Fasi) Tingkat DIY Bantul. Hobi bal-balan.



Ari Sri Haryanti, agama Islam, lair ing Bantul 10 Januari 1994, sekolah ing SMP N 1 Jetis, alamat omah ing Kiyaran, Sumber Agung, Jetis, Bantul. Hobi: nyanyi.



Bhernadhit Nur Utami, lair di Bantul, 13 Oktober 1993, agama Islam, sekolah di SMP N 1 Jetis, Kertan, Sumber Agung, Jetis, Bantul. Alamat rumah di Paten, Sumber Agung, Jetis, Bantul, hobi: maca.



Desy Wulandari, lair ing Bantul 13 Desember 1993, agama Islam, siswa SMP N 1 Jetis, dalan Imogiri Barat 11, Bantul. Alamat omah ing Barongan Sumber Agung. Jetis. Bantul. Hobi maca, nembang. Prestasi: juara II ceramah (Maulud Nabi) antar kelas.



Dyah Wikandariningtyas, lair ing Bantul, 10 September 1994, agama Islam, SMP N 2 Jetis, Canden, Jetis, Bantul. Omah ing Turen, Canden, Jalan Parangtritis km 13, Jetis, Bantul. Hobi: *nyanyi* (lelagon) maca buku, puisi. Prestasi Juara I Lomba Lukis.



Eka Sumarni lair ing Bantul, 12 Maret 1994, agama Islam, sekolah ing SMP Negeri 1 Pajangan, Kamijoro, Sendangsari, Pajangan, Bantul. Alamat omah ing Butuh Kidul, Triwidadi, Pajangan, Bantul. Hobi maca buku lan komik, prestasi kang nate karengkuh: Juara I Lomba Pidato Bahasa Indonesia lan Juara I Lomba ngarang basa Jawa ing lingkungan sekolah.



Elsa Desiana Putri, lair ing Bantul, 14 Desember



1993, agama Islam, sekolah ing SMP N 1 Sewon, Jalan Parangtritis km 7, Sewon, Alamat omah ing Geneng, D 18 RT 04, Panggungharjo, Sewon, Bantul. Hobi maca, nulis, nggambar lan main catur.

Prestasi: 1. Juara II Lomba MHQ Tk. Kecamatan, 2. Juara II Lomba MHQ Tk. Kecamatan 2006, 3. Juara I Lomba Lukis Tk. Kabupaten Th 2007, 4. Juara I Lukis Tk Provinsi Th 2007, Juara IX Lomba Menulis Cerpen se-Jawa Th. 2008.

Eva Maulida, lair ing Bantul, 28 Agustus 1993,




siswa SMP Negeri 1 Imogiri, Pos Imogiri Bantul 55782 Bantul. Alamat omah ing Kemasan, Karang Tengah, Imogiri, Bantul. Prestasi kang nate karengkuh: Juara II Lomba Baca Puisi se-Kabupaten, Juara I Lomba IPS se-Kabupaten, Juara II Lomba MSQ se-Kabupaten. Hobi: maca novel, batminton lan voli. Cita-cita: dadi wong kang sukses.

Evi Hidayahwati, lair ing Bantul, 29 April 1994, agama Islam, siswa SMP N 3 Jetis, Patalan, Jetis, Bantul. Alamat omah ing Paten, Sri Hardono, Pundong, Bantul. Hobi maca, juara kang nate karengkuh: Juara III Lomba maca geguritan. Hobi: nyanyi.

Alamat sekolah Jalan Parang-tritis km 11, Patalan, Bantul.. Juara 1 Lomba Baca Puisi se-Kecamatan Juara 1 Lomba nyanyi tingkat Kecamatan.

Fadhiba Suryantini, lair ing Bantul, 28 Juli 1995, agama Islam, sekolah di SMP N 1 Jetis, Jetis, Bantul. Alamat omah ing Balakan, Sumberagung, Jetis, Bantul. Hobi nyanyi lan maca. Cita-cita kepengin dadi dokter/ sukses.

Fahmi Ahmada. lair ing Bantul, 6 Maret 1995, siswa SMP N 1 Imogiri, Pos Imogiri, Bantul. Alamat omah ing Nogosari I, Wukirsari, Imogiri, Bantul. Hobi olah raga badminton lan main perkusi.



Lutfy Laksita Pranandari, lair ing Bantul, 22 Februari 1995, agama Islam, sekolah ing SMP N 1 Bantul, Jalan R.A. Kartini, 44 Bantul. Alamat rumah: Ngrukem, Pendowoharjo, Sewon, Bantul. Hobi: maca buku cerita. Prestasi kang nate karengkuh: Juara I lomba *geguritan* lingkup sekolah.

Nabila Huda Utami, lair ing Bantul, 29 Juli 1994, agama Islam, sekolah ing SMP N 1, Pos Piyungan, Srimulyo, Piyungan, Bantul. Alamat omah: Tegal Piyungan, Srimulyo, Piyungan, Bantul. Hobi maca dan nggambar. Prestasi Juara 1 Lomba geguritan tingkat Kecamatan.

Norma Fia Afriana, lair ing Bantul, 4 Agustus 1994, siswa SMP Negeri 2 Pleret, Bantul. Alamat sekolah ing Kedaton, Pleret, Bantul. Alamat omah ing Gunung Kelir, Pleret, Bantul. Hobi maca komik, bersepeda, lan berpetualang. Prestasi kang nate karaih yaitu Juara I Lomba Pidato Bahasa Indonesia se-Kecamatan Pleret. Prestasi: juara I Lomba Membaca Berita Bahasa Jawa se-Kabupaten Bantul. Hobi: nonton ketoprak dan wayang.

Nur Ina Wulansari, lair ing Bantul, 16 Januari 1993 sekolah ing SMP 3 Bantul, Jalan Sultan Agung, Peni, Palbapang, Bantul. Alamat rumah ing Kintelan, Sumbermulyo, Bambanglipuro, Bantul. Hobi maca, prestasi kang nate kareih Juara Lomba Geguritan. Prestasi: Juara II Lomba Membaca Berita Bahasa Jawa se-Kabupaten Bantul. Hobi: nonton *kethoprak* dan *Wayang*.

Nurdiyanto, pria kang nganggo kacamata iki lair ing Gunungkidul, 17 November 1992, siswa SMP Negeri 1 Banguntapan, Ban-tul, Jalan Karangturi, Batu-retno, Banguntapan, Bantul. Alamat omah ing Sarirejo I, Singosaren, Banguntapan, Bantul.

Hobi : maca buku crita roman, nulis, lan bersepeda uga kenalan kanca.

Phutu Bayuarti Hutama, lair ing Bantul 7 Mei 1994, agama Islam, siswa SMPN 1 Sanden, San-den, Murtigading, Sanden, Bantul, hobi: pencak silat. Alamat: Sanggrahan, Murti-gading, Sanden, Bantul. Prestasi kang nate karengkuh: Juara I Lomba nyanyi tingkat Kecamatan.

Riva Fauzia, lair ing Bantul, 26 Januari 1995, agama Islam, sekolah ing SMP N 1 Pleret, Jejeran, Wonokromo, Pleret, Bantul. Alamat omah ing Pander II, Wonokromo, Pleret, Bantul. Hobi: maca buku. Prestasi kang nate karengkuh juara I Lomba Pildacil, Klaten, Juara 1 Lomba Melukis, lan Juara I Lomba CCA, lomba.

Septiana Mundianarti, lair ing Bantul, 23 September 1992, agama Islam, siswa SMP Negeri 2 Bantul, Jalan Bantul 2/III, Bantul. Alamat omah ing Nogosari, Srenan, TIRENGGO, Bantul. Hobi bersepeda lan maca buku cerita. Prestasi: Juara II Lomba *Duet Menyanyi* lan Juara III maca Al Quran.

Sulistyani Rahmah Indah Pratiwi, lair ing Bantul 11 November 1993, siswa SMP N 3 Sewon, Jalan Bantul, Pendowoharjo, Sewon, Bantul. Alamat omah ing Bandung, Pendowoharjo, Sewon, Bantul. Hobi: Olah raga basket lan nglangi, maca buku, nonton film. Cita-cita: dadi dokter/perawat.


Surati, lair ing Bantul, 23 Juni 1995, agama Islam, siswa SMP N 3 Pajangan, Krebet, Sendangsari, Pajangan, Bantul. Alamat omah: Salakan, Bangunjiwo, Kasihan, Bantul. Hobi: nyanyi. Prestasi kang nate karaih: Juara II Lomba nyanyi lan Juara II Lomba macapat.



Vinny Rista Winurtika, lair ing Bantul, 13 April 1994, agama Islam, sekolah SMP Mataram, Kasihan, Bantul. Alamat omah ing Nitiprayan 76, RT 02/20, Ngestiharjo, Kasihan, Bantul.



Yunita Nur Astuti, lair ing Bantul, 23 Juni 1993, agama Islam, siswa SMP 2 Imogiri, Sriharjo, Imogiri, Bantul. Alamat omah ing Jati, Sriharjo, Imogiri, Bantul. Hobi: renang, lari pagi.



LINTANG BIRU

ANTOLOGI GEGURITAN BENGKEL SASTRA JAWA 2008



BALAI BAHASA YOGYAKARTA
2008